Pwogram Head Start sèvi fanmi ki gen timoun ki gen laj 3 a 5 an. Pwogram Early Head Start sèvi fanmi ki gen timoun ki gen laj nesans jiska 3 an. Anpil pwogram Early Head Start sèvi tou fanmi ki poko akouche yo.

Pwogram sa yo bay sèvis nan plizyè anviwònman, enkli lokal gadri pou fanmi yo, pwòp kay fanmi w, ak sant Head Start ak Early Head Start yo.

Tout pwogram Head Start yo sèvi fanmi ki soti nan divès orijin kiltirèl e ki pale diferan lang.

Pwogram Head Start yo ede timoun yo pare pou klas matènèl. Early Head Start ede tibebe ak timoun piti yo pare pou klas preskolè.

Chèche konnen si fanmi w elijib pou Head Start oswa Early Head Start jodi a!

Aprann plis lè w kontakte yon pwogram ki toupre w! Pou jwenn yon pwogram:

Sèvi ak Head Start Locator epi mande si fanmi ou elijib pou enskri: https://eclkc.ohs.acf. hhs.gov/center-locator

Rele 6481-763-866-1 si w gen kesyon.

OSWA

Kontakte pwogram lokal sa a pou plis enfòmasyon:

#GetaHeadStart

Pwogram gratis pou timoun piti yo disponib pou fanmi ki gen timoun piti ki elijib yo.

#GetaHeadStart

Sèvis Head Start yo pou Timoun ak Fanmi

Sèvis pou Timoun yo

Aprantisaj ak Devlopman Bonè

- Nou bati relasyon solid kòm fondasyon aprantisaj bonè.
- Nou sipòte aprantisaj atravè jwèt, ekspresyon kreyatif, ak aktivite gide.
- Nou sipòte devlopman sosyal ak emosyonèl timoun yo.
- Nou prezante konsèp matematik ak syans bonè nan lang timoun yo pale lakay yo ak nan lang angle.
- Nou prezante devlopman langaj ak alfabetizasyon nan lang timoun yo pale lakay yo ak nan lang angle.

Sante ak Byennèt

- Nou ankouraje devlopman fizik, andedan ansanm ak deyò kay la.
- Nou sèvi manje maten, manje midi, ak bon ti goute.
- Nou fè tès medikal, dantè, oditif, vizyon ak konpòtman.

Chèche konnen si fanmi w elijib pou Head Start oswa Early Head Start jodi a!

Sèvis Paran ak Fanmi

Byennèt Fanmi ak Patenarya Fanmi

- Nou ede fanmi yo jwenn asistans nan moman difisil yo.
- Nou ede fanmi yo idantifye ak atenn objektif yo, tankou objektif ki gen rapò ak lojman, travay, edikasyon, ak paran.
- Nou envite paran yo pataje enfòmasyon ak lide sou pitit yo.
- Nou envite paran yo ofri fason pou amelyore eksperyans timoun ak fanmi yo nan pwogram nan.

Sèvis Enfimite

- Nou bati sou fòs timoun yo.
- Nou endividyalize eksperyans yo pou satisfè bezwen chak timoun.
- Nou kolabore ak paran yo ak ajans kominotè yo lè nou bezwen plis evalyasyon.

Sèvis Sante Mantal

- Nou ede fanmi yo konprann epi sipòte bezwen pitit yo. Nou ka ede ak sèvis sante mantal pou timoun ak fanmi si sa nesesè.